

**DISCOURS DU PRESIDENT  
PIERRE NKURUNZIZA LORS  
DU LANCEMENT DE LA  
CAMPAGNE CONCERNANT  
LE REFERENDUM  
CONSTITUTIONNEL  
(Bugendana, 12 déc 2017)**

**Traduction NON-  
OFFICIELLE de la version en  
kirundi publiée sur le site  
[www.presidence.gov.bi](http://www.presidence.gov.bi)**

**Tugire Amahoro, Sangwe  
Amahoro, Ubumwe,  
Ibikorwa, Iterambere  
n'Ubutungane mu  
Burundi!**

**1.** Imbere ya vyose twagomba kubanza gushimira Imana Mushobora vyose yo yaremye Uburundi bwacu, ikabuzigama gushika uyu musu uri hejuru, natwe ikaba yatuyoboye gushika muri kino kibanza. Reka tuyikurire ubwatsi, n'ihabwe Ishimwe n'Icubahiro biyibereye.

**Ayons la paix, Abondez de  
paix, d'unité, de travail, de  
développement et de  
justice au Burundi!**

1. Avant tout, nous voudrions d'abord remercier le Dieu tout puissant qui a créé notre Burundi, qui l'a protégé jusqu'au jour d'aujourd'hui. Remercions-le très sincèrement: qu'il reçoive notre gratitude et respect qu'il mérite.

2. Kuri uno musi w'igenekerezo rya 12 Kigarama umwaka w'2017, ni umusi Abarundi tutazokwibagira mu mateka y'Igihugu cacu, kuko turamutse duhurira muri iyi ntara nziza ya Gitega, kugirango dutanguze icese isekeza ryo gusigurira Abenegihugu integuro y'impinyanyuro z'Ibwirizwa Shingiro rihasanzwe, zizovamwo Ibwirizwa Shingiro rishasha rijanye n'ibihe, rigiye kuzotunganya ubuzima bw'Igihugu cacu.

2. Cette date du 12 décembre 2017, est un jour que les Burundais n'oublieront jamais dans l'histoire de notre pays puisque aujourd'hui nous nous rencontrons dans la province de Gitega pour lancer officiellement la campagne d'explication aux citoyens des propositions d'amendement de l'actuelle constitution, amendements qui donneront une nouvelle constitution actualisée qui va régir notre pays.

3. Mu gihe twariko turashikiriza ijambo Abarundi ryo kubipfuriza umwaka mwiza w'2012, twaramenyeshye Abarundi n'Amakungu ko mu migambi mikuru mikuru tugiye gushira imbere y'iyindi mu myaka iri imbere, harimwo kuzoganzira ku bijanye no guhinyanyura Ibwirizwa Shingiro n'ayandi mategeko mu nzira yo gutsimbataza inzego z'Igihugu n'intwari rusangi ibereye Abarundi n'Uburundi.

3. A l'occasion de notre message à la nation, lorsque nous adressons aux Burundais nos meilleurs vœux du nouvel an 2012, nous avons annoncé aux Burundais et au monde entier, que parmi les principaux projets que nous allons privilégier il y aurait un dialogue pour amender la constitution et d'autres lois, dans l'objectif de renforcer les institutions de l'Etat et la démocratie propre aux Burundais et au Burundi.

4. Kukaba nkako, ahatari amategeko atomoye, inzego ziragoyagoya, igihugu kikarangwamwo akajagari, abantu bagacika “ubusimbirahamwe”, um we wese agasimbira kw’isunzu ry’inzu, Abenegihugu bakama mu mwiheburo batabona neza kazoza kabo.

aha ntitworonderera kure twarabonye ivyadushikiye mu myaka y’1961, 1965, 1993, 2010, n’ibiheruka kudushikira ejo bundi mu 2015.

4. En effet, là où il n’y a pas de lois claires, les institutions sont faibles, le pays sombre dans le désordre, les gens deviennent des anarchistes, chacun monte au créneau et les citoyens sont désorientés car n’étant pas sûr de leur avenir.

On ne doit pas chercher les exemples trop loin : nous avons vu ce qui nous est arrivé en 1961, 1965, 1993, 2010, et récemment en 2015.

5. Uburundi nk'ibindibihugu vyinshi kw'isi bikiri mu nzira ya demokarasi, bwaracye mu ngorane nyinshi zaba iza poritike, ubutunzi canke imibano, kuva buronse intahe yo kwikukira biturutse ku mbuto mbi yabibwe n'abakoroni.

Aho hose vyaba biturutse kuri ba Mpemuke ndamuke na ba Ndayamutaye, barazwa ishinga n'amaronko batabiriye akuya, kuvuguruza abenegihugu no kubaka ijambo nk'uko mwavyiboneye mu mwaka w'2015 aho bagomba kudusubiza mw'ihumbimukugerageza gutembagaza inzego zitorewen'Abenegihugu.

Ingendo igayitse nk'iyoyaribonekeje kandi mu myaka y'1961, 1965, 1993, no mu 2010.

5. Le Burundi, comme d'autres pays en voie de démocratie a connu beaucoup de difficultés d'ordre politique, économique, social depuis son accession à l'indépendance à cause de la zizanie semée par les colonisateurs.

Mais l'origine de tout cela c'était des gens sans honneur, des ventriotes qui n'ont d'autres souci que d'amasser des richesses qu'ils ne méritent pas, contrarier le choix du peuple et lui retirer sa liberté d'expression comme vous l'avez vu vous-mêmes en 2015, lorsqu'ils ont tenté de renverser les institutions mises en place par les citoyens eux-mêmes.

Une démarche pareille a été observée en 1961, en 1965, en 1993, et en 2010.

6. Ariko rero, nk'uko abakurambere bayamaze bati : “ Igiti ntikigukora mu jisho kabiri” kandi ngo “Ugukomereka kurababaza, ugutonekara kutaraza”.

Nico gituma dusubiye gukengurukira Abarundi bakunda Igihugu, inzego z'Umutekano no kwivuna abansi ku ruhara ntangere berekanye, inyifato ibereye yatumye Uburundi butagwa mw'isanganya.

Turabakengurukiye kandi turabakeje ko bateramiye Intahe yo Kwikukira twarazwe n'Umuganwa Rudoviko Rwagasore, bongera barahagararira iragi rya Demokarasi dukesha Melchior Ndadaye.

6. Mais comme nos ancêtres l'ont bien dit : “on ne peut pas se tromper deux fois” et “se blesser ça fait mal, mais raviver la plaie c'est pire”.

C'est pour cela que nous remercions encore une fois les patriotes, les forces de l'ordre, pour le rôle inégalé qu'ils ont joué, leur comportement exemplaire qui a fait que le Burundi ne soit pas frappé par le malheur.

Nous vous remercions et nous vous félicitons d'avoir veillé sur l'indépendance que le Prince Louis Rwagasore nous a léguée et veillé sur la démocratie que nous avons grâce à Melchior Ndadaye.

**Ba Nyakwubahwa Mwese,  
Batumire Bahire;**

7. Ukugira ingorane ni ibisanzwe, igihambaye, ni ukugira ishaka ryo gutorera inyishu izo ngorane. Ba sokuru nibo bayamaze ngo “Ikibi si ukugwa, ikibi ni ukugwa ntuvyuke”.

Twisunze ivyemeranijwe n’abaserukira imigambwe yemewe n’amategeko mu Kayanza mu mwaka w’2013, ivyashikirijwe n’Abashingamateka n’Abakenguzamateka, ivyasabwe n’abaserukira amadini n’amashengero bari kumwe n’abaserukira amashirahamwe adakiranira ivyicarwo vya poritike mu mwaka w’2014, aho bashikiriza ivyosubirwamwo inyuma y’amatora yo mu mwaka w’2015,

**Excellences,  
Distingués invités;**

7. C’est normal de connaître des difficultés, les ancêtres l’avaient bien dit : “ce qui est mauvais ce n’est pas de tomber, mais de ne pas se lever”.

En nous référant aux recommandations des responsables des partis politiques reconnus par la loi à Kayanza en 2013, les considérations des députés et ceux des sénateurs, les désidérata des représentants des confessions religieuses avec les représentants des organisations de la société civiles, pendant l’année 2014, quand ils indiquaient ce qui pourrait être modifié après les élections de 2015,

twarasohoye Itegeko ry'Umukuru w'Igihugu no 100/34 ryo kuwa 23 Nyakanga 2015, rishiraho Umugwi w'Igihugu ujejwe gutunganya ibiganiro mu gihugu, kugirango Abarundi baje inama ku nyishu zibereye kugira ngo Uburundi buve muri izo ngorane zahavuye ziba uruhererekane uko hegereje ibihe bihambaye vya poritike mu gihugu cacu, cane cane iyo hegereje amatora canke iyo yarangiye.

nous avons rendu public un décret no 100/34 du 23 septembre 2015 qui nomme une commission chargée d'organiser le dialogue national pour que les Barundi échangent sur les solutions susceptibles de remédier à ces problèmes qui, finalement sont devenus endémiques et auxquels nous sommes confrontés chaque fois que le Burundi approche des échéances politiques importantes dans notre pays surtout à la veille ou au lendemain des élections.



8. Vyongeye, igihe bahurira i Gitega, ku wa 20 Ndamukiza 2017, n' i Bujumbura ku wa 20 Ruheshi 2017 bahagarikiwe n'Ubushikiranganji bw'Itwaro yo hagati n'Inyigisho zo gukunda Igihugu, n'igihe bahurira mu Kayanza kuwa 22 Ruheshi 2017 bahagarikiwe n'Umuhuza w'Abarundi, abaserukira imigambwe yemewe n'amategeko barasavye ko Ibwirizwa Shingiro ryohinyanyurwa bidatevye.

8. En plus, lorsqu'ils se sont rencontrés à Gitega, le 20 avril 2017, et à Bujumbura le 20 juin 2017, sous le patronage du ministre de l'intérieur et de la formation patriotique, et lorsqu'ils se sont rencontrés à Kayanza le 22 juin 2017 autour de l'Ombudsman, les représentants des partis politiques reconnus par la loi ont demandé que la constitution soit amendée le plus tôt.

9. Uyo murwi rero umaze gushwara igihugu cose, Intara n'Amakomine no kwumviriza Inzego zose z'Igihugu, warashikirije icegeranyo Reta.

Mu nyishu zatanzwe rero nk'umuti urama ku ngorane Igihugu cacu cama caciyemwo,

haribonekeje ugushaka kw'Abenegihugu ko Ibwirizwa Shingiro ry'Igihugu cacu rikwiye gusubirwamwo rigahinyanyurwa neza, mu ngingo n'ibice bimwe bimwe birigize. turetse n'uko ritari rikijanye n'ibihe vya none.

9. Cette commission, après avoir parcouru tout le pays, provinces et communes; après avoir écouté les gens dans toutes les structures du pays, a transmis son rapport au gouvernement.

Dans la série de réponses qui ont été données comme pouvant constituer des solutions aux problèmes cycliques que connaît notre pays,

il s'est dégagée que la volonté des citoyens était de voir la Constitution bien amendée, surtout qu'elle n'était plus à jour dans certaines de ses sections et articles.

Mbere n'iyinjira ry'Uburundi mu muryango w'ibihugu bigize Afirika y'Ubusuruko rikaba ryaragaragaje ko hari ibitari bike bitegerezwa guhinduka muri iryo bwirizwa kubera y'uko hari ivyo dutegerezwa kujanisha n'ibitegekanyijwe mu mabwirizwa Shingiro y'ibihugu bigize uyo muryango.

Par ailleurs, l'entrée du Burundi dans la communauté est-africaine a montré qu'il y a plusieurs dispositions qui doivent changer dans cette loi, dans la mesure où il y a bien des choses à harmoniser avec les constitutions des autres pays qui forment cette communauté.

**Ba Nyakwubahwa Mwese,  
Batumire Bahire;**

10. Ibwirizwa Shingiro rigenga Igihugu cacu gushika uyu musu, mu ngingo yaryo y'297 riratomora neza ingene Ibwirizwa Shingiro risubirwamwo, aho ivuga iti:  
“ Ibwirizwa Shingiro risubirwamwo bisabwe n'Umukuru w'Igihugu, abanje kuja inama n'Urwego Nshikiranganji, canke bisabwe n'abarenga ica kabiri c'abagize Inama Nshingamateka, canke bisabwe n'abarenga ica kabiri c'abagize Inama Nkenguzamateka”.

**Excellences,  
Distingués invités;**

10. La Constitution qui régit notre pays aujourd'hui, dans son article 297, montre clairement la procédure de révision de la Constitution et dit que :

*“l'initiative de la révision de la Constitution appartient concurremment au Président de la République après consultation du Gouvernement, a l'Assemblée Nationale ou au Sénat statuant respectivement à la majorité absolue des membres qui les composent”.*

11. Ni muri icyo ntumbero, twisunze icyegeranyo c'Umugwi w'Igihugu wari ujejwe ibiganiro mu gihugu hagati, n'ivyasabwe n'imigambwe yemewe n'amategeko twahavuye dushikiriza Inama Nshikiranganji ivyari vyasabwe n'Abenegihugu muri icyo cegeranyo, icyo nayo imaze kugica hirya no hino, icya isaba ko hoba umurwi ujejwe kwiga neza ibikwiye guhinyanyurwa mw'Ibwirizwa Shingiro rihari uyu musi.

11. C'est dans cet objectif que, nous basant sur le rapport de cette commission qui était chargée d'organiser le dialogue à travers le pays et les recommandations des partis politiques reconnus par la loi aujourd'hui, nous avons présenté ce rapport au conseil des ministres. Après avoir bien analysé ce rapport, le conseil des ministres a demandé qu'une commission soit mise en place pour analyser les dispositions de la Constitution actuelle qui méritent d'être amendées.

12. Tugashyirye, twisunze itegeko No 100/041 ryo ku wa 15 Ntwarante 2017, twaciye dushiraho umurwi ujejwe icyo gikorwa, nawo ukaba waraye urangije umurimo twari twawushinze, mbere nawo nyene ukaba uherutse kuduha icyegeranyo c'ibikwiye guhinyanyurwa.

12. Sans tarder, nous référant au décret n° 100/041 du 15 mars 2017, nous avons mis en place une commission chargée de faire ce travail. Cette commission vient de terminer le travail qui lui a été assigné et elle a récemment déposé son rapport aussi concernant les dispositions qui méritent d'être amendées.

13. Mu ngingo yaryo y'298, Ibwirizwa Shingiro rihari uyu musu naryo rikaba rivuga ko: **“Muguhindura Ibwirizwa Shingiro, Umukuru w'Igihugu ashobora kubicisha mw'itora ry'Abarundi bese”** (Referendum). Ku bwacu rero tukabona ko vyoba vyiza ico gikorwa gifashe iyo nzira na rirya Ibwirizwa Shingiro tugenderako ariyo nzira ryazananye kuko ryabanje kwemezwa n'Abenegihugu mu matora yabaye ku wa 28 Ruhuhuma 2005, imbere yuko riterwako umukono n'Umukuru w'Igihugu w'ico gihe.

13. Dans son article 298, la Constitution en vigueur dit :

“Le Président de la République peut soumettre au referendum un projet d'amendement de la Constitution.”

Nous avons donc pensé que ce serait mieux si cette révision prenait la même voie surtout que même la Constitution en vigueur aujourd'hui est passée par la voie d'un référendum organisé le 28 février 2005, avant d'être promulguée par le chef de l'Etat d'alors.

14. Uno musu uri hejuru rero, tukaba twahuriye ngaha i Bugendana, kugira ngo twugurure icese isekeza ryo gusigurira Abenegihugu ibiri muri icyo mpinyanyuro y'ibwirizwa Shingiro rishasha, maze bazoryemeze canke barihakane bazi neza ibirimwo.

14. Aujourd'hui, nous nous sommes réunis donc ici à Bugendana, pour lancer officiellement la campagne d'explication des amendements contenus dans cette nouvelle constitution aux citoyens pour que, au moment venu, ils votent pour ou contre, sachant ce qu'il y a là-dedans.



15. Icotwoba turabamenyeshya, ni uko muri rusangi, ibikenewe guhinduka ari ingingo zifise utunenge, nazo izitunganye kandi zitazokomwakomwa ni nk'izigize inkingi ya demokarasi, amahoro n'umutekano, ugukingira abatavuga rumwe na Reta, uburenganzira n'inyungu z'inkehwa, ubwigenge ibisata bimwe bimwe bishingiyeko, no gukomeza ububasha Inzego z'Igihugu zihabwa n'Ibwirizwa Shingiro.

15. Ce que nous pouvons déjà annoncer, c'est que dans l'ensemble, ce qui a besoin d'être changé ce sont des dispositions qui comportent de petites imperfections. Sinon celles qui sont parfaites et qui ne seront pas touchées par l'amendement sont celles qui concernent les piliers de la démocratie, la paix et la sécurité, la protection des opposants, les droits et les intérêts de minorités, l'indépendance de certaines institutions et le renforcement du pouvoir constitutionnel des organes de l'état.

16. Dusavye ko mu bushikiranganji bw'Intwaro yo hagati mu gihugu n'Inyigisho zo gukunda Igihugu, botunganya mu maguru masha ikirangamisii co gusigurira Abenegihugu ibishasha biri muri iyi nteguro kuva mu ntara gushika ku mitumba, na burya bihuriranye n'uko turiko turitegurira amatora yo mu mwaka w'2020.

16. Nous demandons au ministère de l'intérieur et de la formation patriotique d'organiser rapidement le calendrier d'explication des nouvelles dispositions contenues dans ce projet, aux citoyens, de la province jusqu'à la colline; heureuse coincidence d'ailleurs, en ce moment où on se prépare aux élections de 2020.

17. Ku bijanye n'amatora muri rusangi, twokwibutsa yuko mu bisabwa umuntu wese akunda igihugu ciwe, harimwo kumenya amategeko, gushigikira be no kwitaba amatora ashikana igihugu ku nzego zitorewe n'Abenegihugu.

18. Nico gituma mu misiya vuba, Abarundi bose bagiye gushikirizwa intumbero n'ingene uyo mugambi w'amatora yo mu 2020 woshigikirwa hisunzwe umutima wo gukunda Igihugu.

17. En ce qui concerne les élections en général, nous rappellerions qu'il est demandé à tout citoyen qui aime son pays, la connaissance des lois, le soutien et la participation aux élections qui conduisent à la mise en place des institutions élues.

18. C'est pour cela que prochainement les Burundais vont recevoir des directives relatives à la manière dont ces élections de 2020 seraient soutenues, conformément à l'esprit patriotique.

19. Tuboneyeho akaryo ko kugabisha abantu bose bohirahira ngo baburagize uyo mugambi, haba mu mvugo canke mu ngiro. *(Uzoba ari umurongo utukura aha/uyu ni umurongo utukura aha)*

Nico gituma dusavye dushimitse abarongoye abandi mu nzego zose z'igihugu cacu ko borangwa n'ubumwe hamwe n'ubutwari, bagashengeza abangushi bakwiza ibihuha mu gihugu n'abandi bose barangwa n'igihushane c'ubumwe n'intwaro ya demokarasi.

19. Nous profitons de l'occasion pour mettre en garde tous ceux qui pourraient tenter de désorienter ce projet, dans les paroles ou dans les actes. *(Ceci constitue une ligne rouge.)*<sup>1</sup>

C'est pour cela que nous demandons avec insistance, à tous les leaders dans les différentes instances de notre pays, d'être caractérisés par l'unité et la bravoure, et de dénoncer tous ces menteurs qui diffusent les rumeurs dans le pays et tous ceux qui se caractérisent par le contraire de l'unité et le pouvoir démocratique.

---

<sup>1</sup> Lors de la prononciation de ce discours écrit en public, il a inséré

cette parole non écrite.

20. Bisigura ko uwo wese arongoye abandi ku mitumba/ karitiye, canke Komine n'abo mu ma nama ya Komine bazokwigira sindabibazwa bazobibazwa nyene n'ababakurira.

Kukaba nkako ni intumwa z'Umukuru w'Igihugu kuri uyo mutumba / karitiye. Barafise icyo bemereye Abenegihugu igihe babatora, nico gituma bategerezwa kurangwa n'imico myiza, kandi bakaba akarorero keza muri vyose na cane cane mu gutuza amacakubiri afatiye ku bwoko, ku ntara, ku migambwe n'ayandi mazimwe asa n'ayo.

20. Cela signifie que tout dirigeant collinaire ou de quartier ou membres des conseils communaux, qui se comporteront comme des irresponsables rendront les comptes auprès de leurs responsables hiérarchiques.

En effet, ce sont des représentants du Chef de l'Etat sur les collines, /quartier. Ils ont pris des engagements lorsque les citoyens les ont élus, c'est pour cela qu'ils doivent être caractérisés par les bonnes moeurs et être exemplaires dans tout, surtout dans la lutte contre les divisions ethniques, régionales, partisanses et d'autres tares similaires.

21. Ni muri icyo ntumbero rero dusavye Abarundi bose, Inzego zose, ko uyo mugambi bowugira uwabo:

**a) Kubagize Reta y'Uburundi:**

Turasavye dushimitse ngo abagize Reta y'Uburundi, bafadikanije n'Umugambi w'Inyigisho zo gukunda Igihugu, umwe wese mu Ntara ashinzwe gukwirikirana, ko bova mu biro, bashyamba intara, amakomine, amazone n'Imitumba basigurire Abenegihugu uyo mugambi.

21. C'est dans cette perspective que nous demandons à tous les Burundi, tous les organes administratifs qu'ils s'approprient de ce projet :

**a) Pour les membres du Gouvernement :**

Nous demandons avec insistance aux membres du Gouvernement burundais, en s'associant aux projets d'éducation civique patriotique, chacun dans la province dont il a en charge l'encadrement, de sortir de leurs bureaux et se lancer dans les provinces, les communes, les zones et les collines pour expliquer ce projet.

**b) Ku murwi wigenga ujejwe gutunganya amatora:**

Turasavye umurwi ujejwe gutunganya amatora, ko wobishiramwo ubukerebutsi n'ububangutsi vyamye biwuranga bihagije mu gutegura uno mugambi, na cane cane mu gushiraho inzego zo kuwushira mu ngiro, haba ku nzego z'intara no ku nzego z'amakomine.

**b) A la Commission Electorale Nationale Indépendante :**

Nous demandons à la commission chargée d'organiser les élections d'user d'assez d'intelligence et d'agilité qui l'ont toujours caractérisée, de préparer ce projet surtout en mettant en place les structures chargées de son exécution, que ce soit au niveau provincial ou au niveau des communes.

**c) Ku bajejwe Intwaro:**

Turasavye abajejwe intwaro ku nzego zose kuva kuri Buramatari, Musitanteri, gushika ku bakuru b'imitumba n'amakaritiye ngo babe barikazanura. Niyo bamara kumenyeshwa ikirangamisii begere abo bajejwe babahimirize bongere babasigurire ivyerekeye uyo mugambi.

**c) Aux administratifs :**

Nous demandons aux membres de l'administration à tous les niveaux, les Gouverneurs, les Administrateurs jusqu'aux niveaux des Chefs collinaires et des quartiers de se préparer déjà. Lorsqu'ils seront informés du calendrier, ils s'approcheront des citoyens de leurs circonscriptions respectives pour les sensibiliser et leur présenter ce projet.



**d) Ku barongoye imigambwe:**

Tubasavye nabo nyene ko bokwerekana ingendo ibereye umunyeporitike akunda Igihugu ciwe akaba n'inkingi ya demokarasi mu kutaba intambanyi y'uwu mugambi. Bawusigurire abanywanyi babo kandi bubahirize amategeko.

**d) Aux responsables des partis politiques :**

Nous leur demandons aussi de montrer un comportement digne d'un politicien qui aime sa patrie et qui est un pilier de la démocratie, en ne constituant pas un blocage à ce projet. Qu'ils en parlent à leurs militants et les sensibilisent aux lois.

**e) Abari mu mashirahamwe adaharanira inyungu n'ivyicaro vya poritike.**

Twarabonye muri kahise katari na kure ko hari amashirahamwe amwe amwe yiyitirira ko adaharanira ivyicaro n'inyungu za poritike, vyagaragaye yuko yari acuditse cane n'abanyeporitike bamwe bamwe bataye umurongo mu kugomba guta igihugu cacu mu kaga, aho mbere wasanga bene ayo mashirahamwe asumvya ubukari abanyamigambwe.

Turabasavye rero kwunganiramu gusigura uyu mugambi mugabo bativanze mu vya poritike.

**e) Aux membres des organisations de la société civiles :**

Nous avons remarqué dans un passé récent, qu'il y a des organisations qui se disent apolitiques mais qui avaient de liens forts avec des politiciens dont certains parmi eux ont dérapé et essayé de précipiter notre pays dans le gouffre, d'ailleurs on a trouvé que ces organisations étaient plus zélées que les politiciens.

Nous leur demandons d'appuyer dans cette campagne d'explication de ce projet sans se mêler dans les affaires politiques.

### **f) Abenegihugu:**

Tubasavye gutahura ko Demokarasi ari intwaro ishingwa n'Abenegihugu, bakitorera abaserukira inyungu zabo, kandi bakabashinga ijisho kugira ngo barangure koko ivyo baba barabemereye. Gutyo, Iterambere riva ku Benegihugu, rikagirako rikabagarukako.

### **f) Aux citoyens :**

Nous leur demandons de comprendre que la démocratie est un système mis en place par les citoyens, qui mettent en place des représentants de leurs intérêts, qui les suivent pour qu'ils honorent réellement leurs engagements. Comme cela, le développement vient des citoyens et en même temps ils en sont bénéficiaires.

**g) Ku bimenyeshamakuru:**

Tubisavye guterera uyo mugambi vyisunga akarangamutima k'umwuga wo kumenyesha amakuru, mu kwirinda guhengamika inkuru, aho ni nko mu gukwiragiza ibihuha canke mu kutagumya ibanga iyo bikenewe.

**g) Aux médias :**

Nous leur demandons de contribuer dans ce projet dans le respect de leur éthique professionnelle propres aux médias, en se gardant de transformer une information, par exemple en diffusant les rumeurs ou en ne gardant pas un secret quand c'est nécessaire.

22. Mu Burundi, demokarasi iteye ku ntambwe ishimishije cane, kuko kuva inzego zitorwa mu 2005 bubaye ubwa mbere kuva igihugu cacu c'Uburundi cikukira zirama zikamara ikiringo gitegekanijwe n'amategeko. Ikindi naco ni uko Uburundi bufatirwa ko akarorero mu bihugu vyinshi vyo kw'isi mu vyerekeye ugutorera umuti amatati yaduka mu vyerekeye intworo. Intambwe tugeze igiye gutsimbatazwa n'amatora twimirije.

22. Au Burundi, la démocratie atteint une étape très satisfaisante, car depuis la mise en place des institutions en 2005, c'est la première fois depuis l'accession du Burundi à l'indépendance que les institutions terminent leur mandat légal. Aussi, le Burundi est cité comme exemple parmi beaucoup d'autres pays du monde comme sachant résoudre lui-même ses conflits liés au pouvoir. Ce stade atteint va être renforcé par les élections en vue.

23. Abarundi rero boja mu matora batekanye. Twese tuzobonereho akaryo ko guhinyuza ibihuha bikwiragizwa mu gihugu, mu ntumbero yo guca ivutu abandi n'ugucira inzira amacakubiri n'ibintu vyose bishobora guhungabanya umutekano.

23. Les Barundi peuvent donc s'engager dans les élections étant tranquilles. Nous profiterons tous de cette occasion pour démentir les rumeurs qui sont diffusées dans le pays dans le seul objectif d'effrayer les autres et de frayer le chemin aux divisions et tout ce qui peut perturber la sécurité.

24. Ni co gituma, twese hamwe, kubera umutima ukunda igihugu dufise, dutegerezwa kuba intumwa z'ubumwe, amahoro n'umutekano, na cane cane gutera ivyatsi, kwiyamiriza no guhana abo bose bagifise agatima n'ingendo vyo gusambura no gutembagaza Inzego zitorewe n'abenegihugu no kuburabuza demokarasi.

Ni bacire birarura, kandi bamenye ko akateretse kaba gasema

Vyongeye kwiba ingoma ni kimwe, kuronka aho uyivugiriza ni ikindi. Ikibwirwa ni icumva, icerekwa ni ikibona.

24. C'est pour cela que, tous ensemble, par l'amour de notre patrie, nous devons être les apôtres de l'unité, la paix et la sécurité, surtout en dénonçant et en punissant ceux qui ont encore un esprit et une démarche de destruction et de déstabilisation des institutions élues par les citoyens et ainsi de destabiliser la démocratie.

Qu'ils arrêtent tout de suite! Sinon, ils seront traités comme des porteurs de malheurs.

En plus, "c'est facile de voler un tambour, mais c'est encore plus difficile d'avoir un endroit pour le jouer". "Un homme averti en vaut deux".

**Ba Nyakwubahwa Mwese,  
Batumire Bahire;**

25. Mu gusozera, twagomba kubamenyesha ko turi mu bihe bihambaye, na cane cane muri iki gihe turondera ko intwaro y’abenegihugu ariyo Demokarasi itsimbataro gusumba uko vyahora mu gihugu cacu.

**Excellences,  
Distingués invités,**

25. En terminant, nous voudrions porter à votre connaissance que nous traversons des moments importants, surtout cette période pendant laquelle nous cherchons que le pouvoir du peuple s’installe plus qu’il ne l’était dans notre pays.



26. Mumenye ko uwudakunda igihugu c'amavukiro abonekera mu gutoba, mu kwonona, mu kuba sindabibazwa, mu gukwiza ibihuha n'ibinyoma mu gihugu, mu gucafuzza igihugu camwibarutse, mu kudashimishwa n'ivyiza biriko birarangurwa mu gihugu, mu guhubisha abandi n'ubundi bubegito tutodondagura ngo duheze nko kuryanisha abonse rimwe, bene abo ni ukubashinga ijisho ijoro n'umurango, na kare uwutambana na mukeba ntakubita urugohe.

26. Sachez que celui qui n'aime pas sa patrie, on le voit par sa brouille, ses mauvais actes, et son indifférence, à la diffusion des rumeurs et des mensonges dans le pays, en salissant son pays natal, en n'appréciant jamais les bonnes actions qui sont initiées dans le pays, en désorientant les autres et d'autres maladroites qu'il serait difficile d'énumérer ici comme par exemple semer la zizanie. Les gens comme ceux-là, il faut les tenir à l'oeil jour et nuit, surtout que "celle qui danse avec sa rivale ne dort jamais".

27. Abarundi twomenya ko ibihe vy'amatora atari ibihe bibi canke biteye ubwoba, kandi ko amatora arangiye, ubuzima bubandanya. Ni ibihe ahubwo bifasha guhindura abatwara bidaciye ku gikenye, ata maraso arinze guseseka, maze Abenegihugu bagatwarwa n'abo bizeye, abo bitoreye, n'imigambi bishimiye ubwabo bakayigira iyabo.

27. Nous les Barundi, nous devons savoir que la période des élections n'est pas une mauvaise période ou une qui fait peur; que quand les élections sont terminées, la vie continue.

Ce sont plutôt des moments de renouvellement des institutions sans recourir à la force, sans effusion de sang, et les citoyens sont dirigés par ceux en qui ils ont confiance, ceux qu'ils ont élus, et s'approprient des programmes qu'ils apprécient.

28. Twirinde rero imvugo ndenzarugero canke ica ivutu, amakuru yo gushikuza, inyifato y'akaguma n'ugukabura amacakubiri, gucafuzabandi canke kubaremeka inteba ishushye bigirwe umuziro guhera ubu. Tumenye ko amatara atekanye ari yo nkingi ikomeye ya demokarasi.

28. Evitons donc un langage d'exagération ou qui effraie, des informations grossières, un comportement impulsif et activateur de divisions, salir les autres et les faire assumer forcément ce dont ils ne sont pas responsables, etc. Que tout cela cesse désormais. Sachons que les élections paisibles constituent un pilier fort de la démocratie.

29. Tuboneyeho rero akaryo ko gukebura abo bose biyobagiza amabanga bajejwe, ivyo navyo bikaba binyuranye n'ingendo y'umuntu akunda igihugu ciwe.

Twibuke ko amahoro n'umutekano ari umwimbu wa twese kandi ko atahandi tuwusoroma atari mu kwubaha amategeko n'Inzego z'Igihugu, tumenyere kurengera inyungu zacu, tugire ingendo yo guharanira inyungu z'Igihugu cacu c'Uburundi kuko ari yo mpetso ya twese, umurima rusangi twasangijwe n'Imana.

29. Nous profitons de cette occasion pour faire un clin d'oeil à ceux qui font semblant d'ignorer les responsabilités qui leur incombent, cela est contraire à l'esprit patriotique.

Rappelons-nous que la paix et la sécurité est un bien précieux pour nous tous et que nous ne les obtenons que dans le respect des lois et des institutions du pays, apprenons à dépasser nos intérêts propres, adoptons plutôt une approche de recherche de l'intérêt général pour notre pays le Burundi car c'est notre porte bébé qui nous porte tous, une propriété commune offerte par Dieu.

30. Ni kuri ayo majambo  
y'impanuro twugururiyeko  
icese isekeza ryo gusigurira  
Abenegihugu integuro  
y'Ibwirizwa Shingiro  
rishasha rigiye kugenga  
Igihugu cacu.

**Ni hahangame Igihugu  
cacu c'Uburundi!**

**Ni hahangame Amahoro  
n'Umutekano mu  
Burundi!**

**MURAKOZE!**

**IMANA IBAHEZAGIRE!**

30. C'est sur ces conseils que  
nous ouvrons officiellement  
cette campagne d'explication  
aux citoyens du projet de  
constitution qui va régir  
notre pays.

**Que vive notre pays le  
Burundi**

**Que règne la paix et la  
sécurité au Burundi!**

**Merci!**

**Que Dieu vous bénisse!**

*Source:*

[www.presidence.gov.bi](http://www.presidence.gov.bi)